

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain panalungtikan


Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif. Anu disebut pamarekan kualitatif Creswell dina Patilima (2011, kc. 3) ngadéfinisikeun salaku hiji prosés panalungtikan pikeun maham masalah sosial atawa masalah manusa dumasar kana *penciptaan* gambar holistik nu diwangun ku kekecapan, ngalaporkeun sawangan informan sacara rinci jeung disusun dina hiji latar ilmiah.

Pamarekan kualitatif sok disebut pamarekan humanistik sakumaha nu disebutkeun ku Suparlan dina Patilima (2011, kc. 2) “*Pendekatan kualitatif seringkali juga dinamakan sebagai pendekatan humanistik karena di dalam pendekatan ini cara pandang, cara hidup, selera ataupun ungkapan emosi dan keyakinan dari warga masyarakat yang diteliti sesuai dengan masalah yang diteliti juga termasuk data yang perlu dikumpulkan*”.

Sakumaha nu dijéntrékeun di luhur, pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nalungtik masalah nu pakait jeung sakabéh aspék dina kahirupan sosial. Sawatara ciri panalungtikan kualitatif nurutkeun Bogdan jeung Biklen dina Sugiyono (2012, kc. 13) nya éta panalungtikan kualitatif (1) dilakukeun dina kondisi alamiah, langsung ka sumber data jeung panalungtik mangrupa instrumén konci; (2) sipatna déskriptif, hartina data nu kakumpul mangrupa kekecapan atawa gambar, jadi teu nekenkeun kana angka; (3) leuwih nekenkeun kana prosés batan produk atawa *outcome*; (4) analisisna sacara induktif; (5) leuwih nekenkeun makna (data sajeroning nu katempo). Ku kituna, desain nu dipaké dina ieu panalungtikan ngan mangrupa runtuyan léngkah-léngkah panalungtikan.

Dumasar kana desain kualitatif, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif anu dipilampah ngaliwatan prosés ngumpulkeun data, nyieun papasingan data, analisis data jeung nafsirkeun data. Dina ngumpulkeun data digunakeun téknik studi pustaka kalawan instrumén panalungtikan mangrupa kartu data. Sanggeus data kakumpul tuluy dipasing-pasing pikeun dianalisis ngagunakeun téknik analisis unsur langsung tur pamarekan sosiologi basa. Data

nu geus dianalisis tuluy ditafsirkeun jeung didéskripsikeun nu ahirna bisa ditarik kacindekan. Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan ngan mangrupa runtuyan léngkah-léngkah panalungtikan saperti nu digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Gambar 3.1. Runtuyan Léngkah-léngkah Panalungtikan

### 3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta aspék-aspék sosial anu ngawengku kelompok sosial, idéntitas sosial, étika sosial, stratifikasi sosial, jeung interaksi sosial dina babasan jeung paribasa. Ari babasan jeung paribasana dipaluruh tina

Didah F. Muslimah, 2014

*Aspék Sosial dina Babasan jeung Paribasa Sunda*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sumber data mangrupa buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda nu judulna *Kamus Idiom Bahasa Sunda* nu disusun ku Drs. Budi Rahayu Tamsyah, Dra. Purmasih jeung Dra. Tati Purmawati pedalan Pustaka Setia Bandung, citakan kahiji bulan Agustus taun 1998. Kandel bukuna 208 kaca, ukuran buku 13 x 18 cm. Babasan jeung paribasa nu aya dina ieu buku jumlahna 2466 nu dipasing-pasing dina 21 alfabét.

Data nu didéskrripsikeun nya éta aspék-aspék sosial dina babasan jeung paribasa. Aspék-aspék sosialna ngawengku aspék struktural nya éta kelompok sosial, idéntitas sosial, stratifikasi sosial, jeung étika sosial sarta aspék prosésual nu ngawengku interaksi sosial.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Dina prak-prakan panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta kartu data. Dina kartu data aya informasi ngeunaan:

- 1) Data babasan jeung paribasa
- 2) Sumber dicutatna babasan jeung paribasa saperti judul buku, kaca jeung nomer urut babasan jeung paribasa.
- 3) Harti babasan jeung paribasa
- 4) Papasingan aspék sosial babasan jeung paribasa.

Kartu data nu dimaksud nya éta digambarkeun saperti di handap ieu.

<b>A</b>	
<b>Adep-hidep (KIBS/B/9)</b>	
Harti	: Kumawula ka salaki
Aspék Sosial	
- Struktural	: Kelompok sosial dumasar wanda jinis (hubungan antara pamajikan ka salaki)
- Prosésual	: Interaksi sosial » gawé bareng (karukunan)

Gambar 3.2 Kartu Data.

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data-data, téhnik nu digunakeun nya éta ulikan pustaka (studi bibliografis). Ulikan pustaka atawa studi pustaka dilakukeun pikeun meunangkeun objék panalungtikan anu sumberna tina literasi, sarta pikeun néangan tiori-tiori jeung sumber anu ngarojong kana panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Nangtukeun buku babasan jeung paribasa Sunda.
- 2) Maca buku babasan jeung paribasa Sunda.
- 3) Nyirian babasan jeung paribasa Sunda nu ngandung aspék sosial.
- 4) Nyalin babasan jeung paribasa nu geus dicirian ka na kartu data.

### 3.4 Analisis Data

Sanggeus data kumpul tuluy dianalisis. Dina nganalisis data digunakeun téhnik analisis data langsung unsur-unsur nu dianalisisna nya éta aspék-aspék sosial dina babasan jeung paribasa Sunda nu ngawengku aspék struktural jeung prosésual. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis data nya éta:

- 1) Mariksa data babasan jeung paribasa nu geus dikumpulkeun.
- 2) Méré nomer kode data babasan jeung paribasa.
- 3) Ngaruntuykeun data sacara alfabétis.
- 4) Nyieun papasingan data dumasar ka na aspék sosial nya éta aspék struktural jeung prosésual nu kakandung.
- 5) Nganalisis babasan jeung paribasa anu némbongkeun atawa ngagambarkeun kahirupan sosial urang Sunda.
- 6) Nganalisis babasan jeung paribasa anu némbongkeun atawa ngagambarkeun ciri has masarakat Sunda.
- 7) Nafsirkeun data, jeung
- 6) Nyieun kacindekan.